

Nim. 202.26

DEKRÈ EGZEKITIF

Kontinyite Sispannyon ak Modifikasyon Tanporè Lwa yo Ki gen rapò ak ijans nan sitiyaasyon katastwòf la

LÈ NOU KONSIDERE, nan dat 7 mas 2020 an, mwen te pibliye Dekrè Egzekitif Nimewo 202 a (Executive Order Number 202) pou deklare yon ijans nan sitiyaasyon katastwòf nan Eta a pou tout Eta New York la; ak

LÈ NOU KONSIDERE, yo te dokimante alafwa ka transmisyon COVID-19 ki gen pou wè avèk vwayaj ak ka transmisyon COVID-19 akòz kontak nan kominote a nan Eta New York epi yo prevwa sa pral kontinye toujou;

KOUNYE A, AN KONSEKANS, Mwen, Andrew M. Cuomo, Gouvènè Eta New York, konfòmman a otorite ke lalwa bay mwen selon Seksyon 29-a nan Atik 2-B nan Lwa Egzekitif la (Executive Law) pou sispann oswa modifiye pwovizwaman nenpòt lwa jeneral, lwa lokal, òdonans, dekrè, règ, oswa règleman, oswa pati ladan yo, pou nenpòt ajans pandan yon ijans nan Eta a pandan yon ijans nan Eta a poutèt katastwòf, si respè lwa jeneral, lwa lokal, òdonans, dekrè, règ, oswa règleman sa yo ta anpeche, jennen, oswa retade mezi ki nesèsè pou fè fas a ijans katastwòf la, oswa si sa nesèsè pou bay asistans oswa èd pou fè fas a katastwòf sa a, avèk dokiman sa a, ap sispann oswa modifiye pwovizwaman, pou peryòd soti ant dat Dekrè Egzekitif sa a jiska dat 31 me 2020, sa nou pral site la yo:

- Seksyon 103 ak 104-b nan Lwa Minisipal Jeneral la (General Municipal Law), nan tout anplè ki nesèsè pou pèmèt yon Konsèy Elektoral (Board of Elections) jwenn epi bay aplikasyon pou bilten vòt pou moun ki absan yo, bilten vòt pou moun ki absan yo, anvlòp, oswa nenpòt lòt mwayen ki genyen pou transmèt yon aplikasyon pou bilten vòt pou moun ki absan oswa bilten vòt pou moun ki absan, ki enkli kourye lapòs, bay elektè yo san piblisite nòminal pou anchè ak òf yo ak konfòmman anba politik ak pwosedi apwovizyònman aktyèl yo;
- Seksyon 1804, 1906, 2002, 2022, 2601-a nan Lwa sou Edikasyon an (Education Law), nan tout anplè ki nesèsè, pou pèmèt ke reyinyon ak eleksyon distrik anyèl pou chak distrik eskolè komen, san sendika, santral ak santral segondè ak reyinyon anyèl chak distrik eskolè vil ki nan yon vil ki gen yon popilasyon ki mwens pase san vennsenk mil abitan ki te pwograme fèt nan jou twazyèm madi nan mwa me de mil ven, avèk dokiman sa a, li ajoune epi repwograme jiska 9 jen 2020, ke yo ta dwe konsidere kòm jou vòt global nan tout eta a;
- Seksyon 2003, 2004, 2022 2601-a nan Lwa sou Edikasyon an, nan tout anplè ki nesèsè pou pèmèt konsèy administrasyon oswa komite edikasyon yo ki nan chak distrik eskolè sa yo ta dwe bay notifikasyon sou reyinyon sa a ke yo te ajoune a bay elektè ki kalifye yo nan yon fason ki te preskri pou notifiye yo sou reyinyon anyèl la eksepte si kantite piblikasyon ki nesèsè yo ta dwe de epi premye piblikasyon an dwe fèt pa pi ta pase 28 jou anvan eleksyon an, epi notifikasyon sa a ta dwe pèmèt yon seyans sou bidjè a ki te ajoune. Reyinyon sa a ke yo te ajoune a ta dwe fèt a distans, epi elektè ki kalifye yo ta dwe vote nan eksyon sa a ki te ajoune a sèlman apati bilten vòt pou moun ki absan, ke yo dwe bay tout elektè ki kalifye yo nan chak distrik eskolè. Chak distrik ta dwe voye kat pa lapòs ki detaye dat eleksyon yo, dat seyans sou bidjè a, definisyon elektè ki kalifye, ak yon bilten vòt pou moun ki absan, yo ta dwe konsidere reyinyon distrik oswa reyinyon ak eleksyon distrik ki ajoune a kòm reyinyon anyèl oswa reyinyon ak eleksyon anyèl distrik la pou tout objektif yo;
- Seksyon 1608 ak 1716 nan Lwa sou Edikasyon an nan tout anplè ki nesèsè pou pèmèt yo soumèt kanè rapò yo bay Depatman Edikasyon Eta a pa pi ta pase 18 jou anvan dat reyinyon ki te ajoune a, epi depatman an ta dwe mete konpilasyon li disponib yon fason elektwonik pou pi ta nan dat 2 jen 2020, sèt jou anvan dat reyinyon ki te ajoune a;

- Seksyon 2018-a ak 2018-b nan Lwa sou Edikasyon an li sispann tanporèman epi, avèk dokiman sa a, li modifiye pou ke akòz predominans ak pwopagasyon COVID-19 nan kominote a yo pèmèt ke yo konsidere kòm maladi tanporè potansyèl kontraksyon viris COVID-19;
- Seksyon 2018-a ak 2018-b nan Lwa sou Edikasyon an, avèk dokiman sa a, li modifiye sèlman nan objektif pou nenpòt eleksyon ki te fèt nan dat oswa anvan dat 30 jen 2020 pou mande voye yon bilten vòt pou moun ki absan ak anvlòp kourye retou ki tou peye bay chak elektè ki kalifye;
- Seksyon 2018, 2032, ak 2608 nan Lwa sou Edikasyon an nan tout anplè ki nesèsè pou pèmèt yo mete kandida nan lis bilten vòt yo yon fason alfabetik, epi ke yo ta dwe etabli bilten vòt pou distrik eskolè nan ti vil yo 30 jou anvan eleksyon yo;
- Seksyon 2018 ak 2608 nan Lwa sou Edikasyon an nan tout anplè ki nesèsè pou elimine nenpòt kantite siyati minimòm ki nesèsè, a kondisyon ke, sepandan, yon moun dwe ranpli nenpòt nan lòt kondisyon ki nesèsè pou yo mete sou yon bilten vòt, ki enkli nenpòt kondisyon sou rezidans ak laj ki aplikab yo;
- Seksyon 260 nan Lwa sou Edikasyon an nan tout anplè ki nesèsè pou otorize bibliyotèk piblik yo ki te etabli epi jwenn sipò nan men yon distrik eskolè retounen notifiye yon eleksyon ke yo te notifiye konfòmman a seksyon sa a. Eleksyon ak/oswa vòt bidjè sa a ta dwe fèt apati bilten vòt pou moun ki absan yo an konjonksyon ak pwosesis bilten vòt pou moun ki absan repwograme distrik eskolè a oswa yon fason endepandan apati itilizasyon lis enstwiksyon ki te kreye pou pwosesis bilten vòt pou moun ki absan distrik eskolè a. Distrik eskolè a oswa bibliyotèk la ka jere yon vòt konsa, sou demann bibliyotèk la. An plis, menm pwovizyon ke yo te fè pou petisyon yon konsèy administrasyon lekòl ta dwe aplike pou petisyon yon konsèy administrasyon bibliyotèk te fè;
- Seksyon 259 (1) nan Lwa sou Edikasyon an nan tout anplè ki nesèsè pou bay pwopozisyon finansman bilten vòt lekòl ki aplikab pou bibliyotèk piblik oswa asosiyasyon yo pou fèt nan bilten vòt pou moun ki absan ke yo te itilize pou administre vòt bidjè distrik eskolè a;
- Seksyon 259 ak 260 nan Lwa sou Edikasyon an, avèk dokiman sa a, yo modifiye pou nenpòt eleksyon bibliyotèk ki te fèt nan dat oswa anvan dat 1 jiyè 2020 pou ka elimine nenpòt kondisyon ki mande yon aplikasyon pou ka aksede a yon bilten vòt pou moun ki absan, epi chak elektè ki kalifye yo ta dwe resevwa pa lapòs yon bilten vòt pou moun ki absan ak yon anvlòp kourye retou ki tou peye.
- Atik 6 ak 15 nan Lwa Elektoral la (Election Law) an relasyon ak òganizasyon nenpòt eleksyon nan vilaj yo ki gen pou fèt nan dat 15 septanm 2020 konfòmman a Dekrè Egzekitif sa a, yo tanporèman anile epi yo otreman modifiye jan nou pral mansyone la:
 - Nenpòt eleksyon nan vilaj yo ki anvan sa te pwograme pou fèt an mas, avril, me, oswa jen, pral fèt nan dat 15 septanm 2020.
 - Pou nenpòt eleksyon nan vilaj yo ki te pwograme pou fèt nan dat 15 septanm 2020 jan Dekrè Egzekitif sa a te mande sa, tout nominasyon pati yo ta dwe fèt pa komite pati an, ki ka fèt a distans jan prezidan pati sa a te etabli nan dokiman sa a, epi ki ta dwe fèt pa pi ta pase dat 20 dawout 2020, epi a kondisyon ke yo te depoze yon sètifikasyon nomimasyon ki soti nan men komite sa a ak nenpòt sètifika refi oswa ratifikasyon yo pa pi ta pase dat 22 dawout 2020, epi a kondisyon ke yon fwa ke yo soumèt yon sètifika refi, yo pa pral pèmèt yo soumèt okenn lòt.
 - Tout nominasyon endepandan pou yon eleksyon nan vilaj yo ki anvan sa te pwograme pou fèt anvan mwa septanm 2020, ki kounye a dwe fèt nan dat 15 septanm 2020, ta dwe ranvwaye jiskaske yo anile 'NY on Pause', ki sijè a yon pwosesis ki detèmine pa yon Dekrè Egzekitif nan fiti.
 - Nenpòt eleksyon nan vilaj yo ki te ranvwaye pa Dekrè Egzekitif yo epi ki te inisyalman pwograme pou fèt an mas, avril, me, oswa jen 2020 pou ki yo te totalman detèmine bilten vòt yo nan moman yo te pibliye Dekrè Egzekitif sa a, ta dwe kontinye ak menm bilten vòt ke yo ta pral itilize nan eleksyon ki ta pral fèt anvan sa a, epi si yo te deja enprime bilten vòt sa yo, yo ka itilize bilten vòt sa yo nan eleksyon ki pral fèt nan dat 15 septanm 2020 yo menm si yo gen sou yo dat inisyal eleksyon yo.
 - Nenpòt pwovizyon ki nan lwa elektoral oswa lwa vilaj la ki otreman aplikab a fason pou fè yon eleksyon konsa an mas, avril, me oswa jen, ta dwe aplike nan eleksyon ki ap fèt nan dat 15 septanm 2020 lan.
 - Otorite vilaj ki eli yo nan yon eleksyon ki te repwograme nan dat 15 septanm 2020, ta dwe rantre an fonksyon kou yo fin depoze rezilta sondaj yo devan grefye vilaj la konfòmman a seksyon 15-126 nan Lwa Elektoral la oswa ki sètifye pa Konsèy Elektoral la, epi dire mande ofisye sa yo ta dwe fini kòm si yo te eli nan moman yo te inisyalman planifye eleksyon yo.
 - Nenpòt eleksyon nan vilaj yo ki te ranvwaye anvan sa pa Dekrè Egzekitif yo pou ki aksè a bilten vòt yo pa't fin konplete nan moman sispannyon sa a ta dwe fèt sèlman an akò ak pwovizyon aksè a bilten vòt yo ki aplikab pou eleksyon ki pral fèt nan dat 15 septanm 2020 yo.
- Seksyon 8-406 ki modifiye pou ka pèmèt yo voye tou yon anvlòp kourye retou ki tou peye pou nenpòt bilten vòt pou moun ki absan ke yo voye bay yon elektè pou yon eleksyon primè oswa espesyal ki gen pou fèt nan dat 23 jen 2020;
- Seksyon 9-209 nan Lwa Elektoral la, an relasyon ak sondaj bilten vòt pou moun ki absan yo, li modifiye pou pèmèt yo depoze epi konte yon bilten vòt pou moun ki absan ki te soumèt pa yon elektè ki te mande bilten vòt sa a pou dat anvan yon eleksyon ki te anile epi ki apre te repwograme akòz eta ijans sante piblik pou COVID-19 la, amwens ke bilten vòt sa yo te otreman envalid, amwens ke elektè sa a ta prezante tèt li pou al vote nan dat eleksyon ki te repwograme a oswa elektè sa a te mande epi voye tounen apre sa yon bilten vòt pou moun ki absan;

- Seksyon 8-410 nan Lwa Elektoral la, an relasyon ak makaj bilten vòt pou moun ki absan yo, li modifiye pou pèmèt ke nenpòt eleksyon ki fèt anvan dat 1 jiyè 2020, apre yo fin transmèt oswa voye pa lapòs bilten vòt pou moun ki absan yo bay elektè yo, Konsèy Elektoral la ta dwe bay epi kenbe, nan biwo li, yon sistèm vòt ki aksesib pou elektè ki swete make bilten vòt yo yon fason prive epi endepandan, epi a kondisyon ke yo te poste disponibilite sèvis sa a sou sit entènèt chak Konsèy Elektoral;
- Seksyon 16-108 nan Lwa Elektoral la li modifiye pou pèmèt nenpòt Jij Tribinal Siprèm ki nonmen pou tandè dosye elektoral yo nan jou eleksyon an ka tandè epi detèmine dosye sa yo nan telefòn oswa nan konferans videyo epi yo pa ta dwe gen obligasyon pou yo fizikman nan yon Konsèy Elektoral;
- Seksyon 8-407 nan Lwa Elektoral la, an relasyon ak atribisyon bilten vòt pou moun ki absan bay elektè ki ap viv nan kèk etablisman, li modifiye pou ka pèmèt enspektè ki nan Konsèy la pa ale nan ak/oswa vizite etablisman ki te dekri nan seksyon 8-407 nan Lwa Elektoral la, epi yo pa ta dwe fizikman al pote bilten vòt yo bay rezidan nan etablisman yo an pèsòn pou eleksyon primè oswa espesyal yo ki te fèt nan dat oswa anvan dat 1 jiyè 2020, epi Konsèy Elektoral yo, menm jan ke yo fè livrezon bilten vòt pou moun ki absan yo bay lòt elektè ki absan yo konfòmman a Tit 4 nan Atik 8 nan Lwa Elektoral la, ta dwe olye de sa voye pa lapòs oswa fè livrezon bilten vòt pou moun ki absan yo bay elektè ki ap viv nan etablisman sa yo; ak
- Seksyon 5-204 nan Lwa Elektoral la an relasyon ak anrejistreman lokal an pèsòn, li modifiye pou ka pèmèt ke reyinyon pou anrejistreman lokal an pèsòn nan espas sondaj yo pa ta dwe fèt an 2020.

AN PLIS DE SA, konfòmman a otorite ke lalwa bay mwen selon Seksyon 29-a nan Atik 2-B nan Lwa Egzekitif la pou pibliye nenpòt enstwiksyon pandan yon ijans nan sitiyoasyon katastwòf ki nesèsè pou fè fas ak katastwòf la, mwen, avèk dokiman sa a, ap pase enstwiksyon nou pral site la yo pou peryòd soti ant dat Dekrè Egzekitif sa a jiska dat 31 me 2020:

- Nenpòt distrik oswa distrik espesyal, ki enkli, men ki pa limite sèlman a dife, bibliyotèk, bouch egou, oswa dlo, ki ap fè yon eleksyon ak/oswa vòt sou bidjè yo ta dwe repwograme yo pou fèt nan dat 15 septanm 2020, epi kòlèk siyati pou petisyon nominasyon yo, avèk dokiman sa a, li anile jiska nouvèl òd, ki sijè a yon pwosesis ki detèmine pa yon Dekrè Egzekitif nan fiti; a kondisyon sepandan ke yon distrik bibliyotèk ka fè yon eleksyon nan dat 9 jen 2020 konfòmman a Dekrè Egzekitif sa a si yon distrik eskolè ap jere eleksyon sa a.
- Sikilasyon, ranplisaj, ak kòlèk nenpòt petisyon nominasyon endepandan konfòmman a seksyon 6-138 nan Lwa Elektoral la pou nenpòt biwo ki ta pral otreman sikile oswa ranpli konfòmman a Lwa Elektoral la oswa pou nenpòt eleksyon distrik espesyal yo, jan ke yo pèmèt sa selon Dekrè Egzekitif 202.13 la, ap kontinye rete ranvwaye jiska nouvèl òd epi yo ta dwe sijè a yon Dekrè Egzekitif nan fiti.
- Nenpòt eleksyon nan vilaj yo ki te ranvwaye an mas 2020, oswa ki te planifye pou fèt nan dat 16 jen 2020, oswa nenpòt lè anvan dat 15 septanm 2020, avèk dokiman sa a, yo repwograme pou fèt nan dat 15 septanm 2020.
- Dekrè Egzekitif 202.23 a modifiye pou klarifye ke yo ta dwe voye yon bilten vòt pou moun ki absan ak yon anvlop kourye retou ki tou peye bay nenpòt elektè ki nan sitiyoasyon aktif/inaktif epi ki kalifye pou vote nan eleksyon primè oswa espesyal yo ki gen pou fèt nan dat 23 jen 2020 ki mande yon bilten vòt pou moun ki absan apati telefòn pou eleksyon espesyal oswa eleksyon primè 23 jen yo; a kondisyon sepandan ke yo pa ta dwe voye plis pase yon sèl bilten vòt pou moun ki absan bay chak elektè, epi yo pa ta dwe mande yo ranpli yon aplikasyon swa anvan oswa an menm tan yo resevwa bilten vòt pou moun ki absan an. An plis, Konsèy Elektoral ki ap resevwa demann nan telefòn yo dwe kenbe yon rejis sou demann nan telefòn sa yo pou yon bilten vòt pou moun ki absan, epi yo ka konplete aplikasyon pou bilten vòt pou moun ki absan an pou rejis sa a nan non elektè ki te fè demann bilten vòt pou moun ki absan an, a kondisyon ke yo pa't detèmine ke yon bilten vòt pou moun ki absan te envalid akòz mank yon aplikasyon ki konplè pou yon bilten vòt pou moun ki absan pou kèlkeswa rezon.

F È T anba siyati mwen ak So Prive Eta a nan Vil

Albany nan premye jou mwa me nan

ane de mil ven.

SOU LÒD GOUVÈNÈ A

Sekretè Gouvènè a